

17 mars

Seigneur, combien de fois mon frère péchera-t-il contre moi et lui pardonnerai-je ? Jusqu'à sept fois ? Jésus lui dit : Je ne te dis pas jusqu'à sept fois, mais jusqu'à soixante-dix fois sept fois. Matthieu 18. 21, 22

Soyez bons, compatissants, vous pardonnant les uns aux autres, comme Dieu aussi, en Christ, vous a pardonné.

Éphésiens 4. 32

Le pardon du roi et l'esclave sans pitié

Quelques paraboles ; Matthieu 18. 21-35

Résumé : Un roi fait les comptes avec ses serviteurs. L'un d'eux lui doit une somme énorme, plus qu'il ne pourra jamais payer. Ce serviteur supplie alors son maître de prendre patience et il lui promet de tout payer. Le roi bienveillant annule alors sa dette colossale. À peine libéré de sa dette, ce serviteur agresse un autre esclave, qui lui doit une petite somme, et en exige le paiement. Celui-ci le supplie à son tour de prendre patience, mais sans résultat... L'affaire est rapportée au roi qui, en colère, livre le premier serviteur à la justice !

Signification : Le roi représente Dieu qui nous a beaucoup pardonné, bien plus que nous ne pouvons l'imaginer. Le premier serviteur est un croyant qui, malgré les bienfaits de Dieu, ne mesure pas sa grâce. Le deuxième serviteur est un croyant qui a mal agi envers un autre croyant, mais qui lui demande pardon.

Application : Si Dieu nous a remis une dette incalculable, en nous accordant son pardon, que seront, en comparaison, les injustices que nous aurons peut-être à subir ? Le pardon divin que nous avons reçu nous rend responsables d'exercer à notre tour la miséricorde.

Le Seigneur ne nous reproche aucun de nos péchés : il nous a tout pardonné ! Mais il désire que nous agissions avec bonté envers nos frères croyants et tous ceux qui nous entourent. Un jour, nous rendrons compte de notre conduite comme chrétiens. Veillons toujours à pardonner, non pas par des paroles seulement, mais "de tout notre cœur", comme Jésus Christ l'a fait pour nous.

17

mas

Senyè, konbyen fwa yon frè mwen ka peche kont mwen, epi, pou mwen padone li ? Eske se jis sou sèt fwa ? Jezi di li : Se pa jis sou sèt fwa m ap di ou, men se jis sou swasandis fwa sèt fwa. Matye 18. 21, 22

Men, se pou nou gen bon kè avèk afeksyon, youn pou lòt ; se pou nou youn padone lòt, menmjan Bondye te padone nou tou, nan Kris. Efezyen 4. 32

Padon wa a ak sèvitè san pitye a

Kèk parabol ; Matye 18. 21-35

Rezime : Yon wa t ap fè regleman ak sèvitè li yo. Youn nan yo te dwe l yon gwo sòm lajan, li pap janm ka fin peye. Sèvitè sa a sipliye mèt li an pou pran pasyans e pwomèt li pou li peye tout sa l dwe. Lè sa a, wa a ki te gen bon kè, anile gwo dèt li a. Apèn yo fin lage l, sèvitè sa a pale ak yon lòt sèvitè, ki te dwe l yo ti ponyen kòb, epi li egzije l pou li peye l. Sèvitè sa a di l tou tanpri pran pasyans pou mwen, men sa pa t mache... Yo fè wa a konnen koze a, wa a te fè anpil kolè, epi li remèt premye sèvitè a bay lajistis !

Siyifikasyon : Wa a reprezante Bondye ki te padone nou anpil, plis pase sa nou ka imajine. Premye sèvitè a se yon kretyen, ki malgre tout sa Bondye fè pou li, li pa mezire gras Bondye yo. Dezyèm sèvitè a se yon kretyen ki te aji mal anvè yon lòt kretyen, men ki mande l padon.

Aplikasyon : Si Bondye anile pou nou gwo kokennchenn dèt nou an, pandan li ba nou padon li, lè nou fè yon konparezon, kisa enjistis yo fè nou yo reprezante ? Padon Bondye nou resevwa a ba nou responsablite pou nou menm tou montre mizerikòd.

Senyè a pa repwoche nou pou okenn nan peche nou yo : li padone yo tout ! Men li ta vle nou aji ak bonte anvè frè kretyen nou yo ak tout moun ki antoure nou. Yon jou, nou gen pou nou rann kont de konpòtman nou kòm kretyen. Veye pou nou toujou padone, pa sèlman ak pawòl, men “ak tout kè nou”, menmjan Jezi te fè l pou nou an.